



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU EFÒ K AP FÈT YO POU ABÒDE EPIDEMI OPYOYID LA

Bidjè Ane Fiskal yo adopte pou 2023 a bay finansman istorik pou Prevansyon, Tretman ak Sèvis Rekiperasyon yo

Yo nonmen Manm Konsèy Konsiltatif pou Règleman Opyoyid yo epi yo pwograme pou yo rankontre

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou konsènan efò k ap kontinye pou abòde epidemi opyoyid la. An repons a enfòmasyon ki fèk pibliye ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) Etazini an ki endike ke gen plis pase 107,000 Ameriken ki te mouri nan dòz ekseksif ane pase a, Gouvènè a ap ranfòse envèstisman k ap kontinye ak angajman kontinyèl li pou abòde pwoblèm enpòtan sa a.

"Chif CDC pibliye yo etonan, ki montre epidemi opyoyid la kontinye ap retire anpil lavi presye, sa k ap devaste fanmi ak kominote yo atravè Eta New York ak odela", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pa twonpe tèt ou: Administrasyon mwen an pral goumen chak jou pou bay Nouyòkè yo plis aksè a resous, sèvis ak swen pou sove lavi yo. Nou pral fè tout sa nou kapab pou ekipe Nouyòkè yo ak enfòmasyon yo bezwen pou pwoteje tèt yo ak pwòch yo kont kriz sante piblik sa a."

Youn nan premye aksyon Gouvènè a te fè lè li te rantre an fonksyon se te nonmen yon nouvo Komisè pou Biwo pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) an. Depi nominasyon li an, Doktè Chinazo Cunningham, yon doktè ak ekspè nan trete maladi itilizasyon sibstans, deja ap travay pou elaji ak amelyore sistèm sèvis adiksyon Eta a.

Komisè Biwo pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Mwen fyè dèske Gouvènè Hochul te nonmen mwen pou m ede aplike yon ajanda pou asire yon sistèm konplè an matyè prevansyon, tretman, rekiperasyon, ak nan rediksyon domaj nan Eta New York. Asire aksè ekitab ak sèvis enpòtan sa yo esansyèl pou ede nou sobe plis lavi ak sipòte plis fanmi."

OASAS sipèvizè youn nan pi gwo sistèm swen pou Twoub Itilizasyon Sibstans nan peyi a ak anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 680,000 moun chak ane. OASAS se ajans eta ki deziyen pou bay kowòdinasyon relasyon eta ak federal nan domèn sèvis adiksyon; se Otorite Tretman Opyoyid Eta (State Opioid Treatment Authority) a; ak ajans ki gen responsablite pou kontwòle itilizasyon fon règleman opyoyid yo epi asire yo depanse lajan ki apwopriye nan bidjè a pou objektif yo te deziyen an.

Komisè Dr Mary T. Bassett ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a kontinye avanse yon varyete inisyativ rediksyon domaj pou redwi fado abi Opyoyid la ak depandans nan tout eta a. Sa gen ladann [koleksyon done ak rapò](#) solid ansanm ak sipòte travay patnè yo nan tout kwen nan Eta a pou bati sou baz kominotè a pou swen konpasyon.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Depatman an kontinye travay enpòtan nan founi ak elaji aksè ak tretman ak swen ki baze sou prèv pou Nouyòkè k ap lite ak itilizasyon sibstans yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, ogmantasyon finansman ak etablisman yon Konsèy Konsiltatif ki gen anpil eksperyans epi ki divèsifye pral pèmèt nou avanse efò sa yo epi ede sove lavi."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Mwen kontan ak sipò kontinyèl Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a pou sispann kriz dòz ejesesif la nan tout eta a epi sove lavi moun. Lè nou dedye plis resous nan pwogram ki baze sou prèv konsènan edikasyon, prevansyon, tretman, rekiperasyon ak rediksyon domaj, nou pral ede rezidan yo nan yon fason ki pral gen yon enpak pozitif tou sou kominote nou yo."

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Ane pase a, Komite sou Alkolis ak Toksikomani nan Asanble (Assembly Committee on Alcoholism and Drug Abuse) a te pwopoze yon lejislasyon istorik ki te kreye *Fon Règleman Opyoyid* la ki te estriktire fason yo te kapab depanse lajan pou règleman opyoyid yo, ki te egziye fon yo pa ranplase nivo finansman Eta New York aktyèl la, epi te kreye Konsèy Konsiltatif pou Règleman Opyoyid la. Antanke prezidan, mwen te kapab pwopoze lejislasyon ki espesyalman asire ke konsèy sa a enkli moun ki gen ekspètiz nanmaladi itilizasyon sibstans, rediksyon domaj, jistis kriminel, ak politik dwòg, anplis de moun ki gen eksperyans pèsònèl oswa pwofesyonèl ak maladi itilizasyon sibstans ak maladi mantal ki pwodui an menm tan. Lè nou konsidere enpak siyifikatif nivo finansman adisyonèl sa a te kapab genyen sou epidemi opyoid la, li te enpòtan pou gen yon konsèy an plas ki te kapab fè rekòmandasyon apati pèspektiv nan eksperyans ke yo aprann. Mwen te travay dirèkteman ak anpil nan moun ki nonmen yo nan konsèy sa a epi mwen gen konfyans total nan jerans yo nan fon enpòtan sa a."

Pou bay OASAS ak Depatman Sante Eta sipò yo bezwen pou fè travay enpòtan sa a, premye Bidjè Eta Gouvènè a te enkli investisman istorik pou sipòte mendèv ak sistèm founisè epi asire aksè ekita ak sèvis ki sove lavi moun atravè eta a. Espesyalman, Bidjè ane sa a ap ede elaji aksè ak medikaman atravè sèvis metadòn mobil, ki gen

ladan li ajoute veyikil ak ekipman telesante, epi devlope sèvis rediksyon domaj ak entèvansyon kominotè ki baze sou prèv pou angaje plis moun nan sèvis yo.

Bidjè Ane Fiska Dekrete investi 184.5 milyon ndola an Fon Règleman Opyoyid nan inisyativ pou adrese epidemi opioid la. Inisyativ sa yo elaji aksè ak sèvis tretman atravè Eta a lè yo ogmante kapasite sistèm yo ak amelyore chemen pou moun yo jwenn aksè ak tretman an. Bidjè a ta fè envèstisman enpòtan tou nan pwogram rediksyon domaj, prevansyon kominotè, ak pwogram rekiperasyon yo.

Anplis de sa, Bidjè a investi 200 milyon dola sou senk ane nan Fon Jesyon Opyoyid pou konbat epidemi opyoyid la lè li sèvi avèk yon apwòch sante piblik. Efò entè-ajans sa a pral kowòdone pa OASAS ak DOH epi konsantre sou pwogram rediksyon domaj ki fèt pou sèvi moun ki gen plis risk pou yo pran dòz eksef yo, ansanm ak inisyativ pou ede Nouyòkè ki pa gen asirans yo peye pri tretman opyoyid la.

Komisè Cunningham, anba lidèchip Gouvènè a, te ogmante tou siyifikativman efò pou rann prim finansman federal disponib pou sistèm founisè a. Jiska prezan, plis pase 78 milyon dola nan fon Sibvansyon Global SAPT Sipleman te disponib pou sipòte efò tankou ranfòse mendèv adiksyon an, estabilize sistèm founisè a, devlope yon enfrastrikti prevansyon, elaji aksè ak medikaman pou sèvis maladi itilizasyon opyoyid la, amelyore pwogram rekiperasyon, kreye inite lojman tranzisyonèl, ak pwomouvwa kolaborasyon rejyonal yo pou bay swen ki pi konplè, ki santre sou pasyan yo.

Eta a nan dezyèm ane nan dezyèm tou Sibvansyon Eta pou Repons kont Opyoyid yo. Yon total 56 milyon dola te disponib pou elaji sèvis prevansyon ki baze sou prèv nan kominote ki gen gwo bezwen yo; bay sèvis sansibilizasyon nan lari pou angaje moun ki pa nan tretman kounye a; sipòte Health Hubs pou bay aksè ak yon seri sèvis sante primè ak konpòtmantal; devlope kanpay sansibilizasyon piblik; epi finanse Sant Sansibilizasyon Kominotè pou Rekiperasyon (Recovery Community Outreach Centers) yo pou sipòte moun nan kad efò yo pou viv yon estil lavi ki an sante.

Pou diminye fado itilizasyon opyoyid ak depandans nan tout eta a, Depatman Sante a kolekte epi pibliye done nan nivo konte pou idantifye ak reponn ak bezwen lokal yo, ki gen ladann atravè [rapò chak trimès](#) li yo. Depatman Sante a sipòte tou anpil patnè ak òganizasyon k ap bay bon jan kalite tretman, fòmasyon ak swen. Sa a gen ladan New York MATTERS, yon sistèm referans elektwonik pou konekte moun ki gen maladi itilizasyon opyoyid ak sèvis tretman lokal ak rediksyon domaj, Inisyativ Depatman Sante Lokal (Local Health Department Initiative), ki bay finansman pou 24 depatman sante konte a ki gen pi gwo pousantaj dòz eksef andeyò Vil New York, ak plis pase 900 Pwogram Prevansyon Dòz Eksef an matyè Opyoyid (Opioid Overdose Prevention Programs) ki anrejistre, ki òganize fòmasyon pou moun ki pa nan domèn medikal pou rekonèt dòz eksef opyoyid epi reponn kòm sadwa lè yo rele 911 epi bay naloksòn gratis. Atravè Pwogram Asistans Ko-peman Naloksòn (Naloxone Co-payment Assistance Program, N-CAP) Depatman an, patisipan yo ki gen kouvèti medikaman sou preskripsyon yo gen ko-peman ki rive jiska 40 dola ki kouvri kòm yon pati nan asirans sante yo, sa ki lakòz pa gen depans ki soti nan pòch oswa li mwens. Nan premye plan

inovasyon nan abòde bezwen Nouyòkè ki konsome dwòg epi ki mennen nan distribisyon naloksòn bay Nouyòkè ki vilnerab yo fas ak yon dòz eksef, Eta a te travay pou etabli 25 Pwogram Echanj Sereng yo (Syringe Exchange Programs, SEPs) ak plis pase 81 sit nan tout eta a. Sant sa yo konsantre sou diminye dòz eksef nan bay aksè fasil ak biprenòfin, bati plan sekirite, ak ekipe patisipan yo ak naloksòn.

Dènye efò Gouvènè a vize abòde epidemi opyoyid la gen ladan anonse ke yo te konstitye Konsèy Konsiltatif pou Règleman Opyoyid la epi yo te chwazi manm yo. Premye reyinyon Konsèy Konsiltatif la deja pwograme pou 14 ak 28 jen nan Albany. Konsèy Konsiltatif la pral rankontre byento pou bay rekòmandasyon ki gen rapò ak fason yo ta dwe asiyen Fon Règleman Opyoyid yo. Reyinyon sa yo pral disponib pou piblik la dapre Lwa sou Reyinyon Piblik (Public Meetings Law) la. Konsèy Konsiltatif ki gen 21 manm lan gen ladann reprezantasyon ki soti nan OASAS, Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Depatman Sante Eta a, Divizyon Bidjè (Division of Budget, DOB) a, ak 17 manm kominotè yo. Manm kominote yo nonmen yo genyen ladan yo:

Lawrence S. Brown, MD
Anne Constantino
Stephen Giordano, PhD
Avi Israel
Suzanne G. Lavigne
Ashley Livingston
Joshua J. Lynch
Stephanie Marquesano
Cheryll Moore
Debra Pantin
Carmen Rivera
Joyce Rivera
Tisha M. Smith, EdD
Dr. Ashwin Vasani
Justine Waldman, MD
Kevin Watkins

Gen yon lòt nominasyon annatant epi yo pral anonse li trè byento.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, ke ou ka jwenn lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè sitwèb OASAS NYS la.

Nouyòkè yo ka aprann plis sou dènye efò Depatman Sante Eta a fè pou konbat epidemi opyoyid la epi revize done nan nivo konte yo nan paj la [Isit la](#). Moun ki gen kesyon oswa demann pou plis enfòmasyon ta dwe kontakte opioidprevention@health.ny.gov.

Si ou menm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP lan pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)